

KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA



**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO**

Alamat: Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp:(0286)322386

SUMATIF TENGAH SEMESTER (STS) GENAP

TAHUN PELAJARAN 2023-2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)

Hari / Tgl : Senin, 25 Maret 2024
Waktu : 07.30-09.00

I. Pilihana wangsulan kanthi menehi tandha silang (X) ing aksara A, B, C utawa D kang kokanggep bener!

1. Wira cerita wayang Ramayana, tembung Ramayana dumadi saka tembung Rama lan Ayana kang ngemu teges...
 - A. Rama lan Sinta
 - B. Budi Pekertine Rama
 - C. Lelakune sang Rama
 - D. Kisahe Rama Lan Sinta
2. Ing Crita Wayang Ramayana, retune para kethek yaiku...
 - A. Subali
 - B. Sugriwa
 - C. Anoman
 - D. Anggada
3. Perang antarane Rama lan Dasamuka diarani...
 - A. Bharatayudha
 - B. Perang Bubat
 - C. Brubuh Alengka
 - D. Anoman Obong

Peksi Jathayu.

Rajaning peksi menika asmanipun Jathayu. Piyambakipun dados mitra raketipun Raja Dasarata. Nalika sumerep bilih putra saking mitranipun dipun cidra dening Rahwana. Jathayu enggal-enggal paring tetulung. Kreta kencana dipuntrajang kemawon lajeng Shinta dipun rebut. Nanging Rahwana nggegegi, mboten nguwalaken, dados udreg-udregan rebutan Shinta wonten ing gegana. Eman, dene Jathayu kalindhih, dipuntatoni saha dipun ajar dening Rahwana. Salah setunggaling

sewiwi sengkleh tugel. Tasih megap-megap dipuntendhang, kumleyang ing awang-awang. Lajeng dhawah ing siti klebekan.

4. Jathayu iku bisa mabur amarga Jathayu iku kalebu bangsane...
 - A. kewan
 - B. peksi
 - C. kupu
 - D. kinjeng
5. Jathayu lajeng dhawah ing siti klebekan. Tembung siti wonten ing carios punika tegesipun...
 - A. watu
 - B. kali
 - C. lemah
 - D. banyu
6. Watak angkarane Rahwana kang ditudhuhake ing cerita kasebut yaiku...
 - A. pamer bandha
 - B. nyolong Shinta
 - C. natuni Jathayu
 - D. udreg-udregan
7. Anggone nggawa Shinta menyang Alengka, Rahwana numpak...
 - A. Manuk Garuda
 - B. Peksi Jathayu
 - C. Kereta kencana
 - D. Panah Candrasa
8. Serat Wulangreh iku Anggitane...
 - A. Susuhunan Pakubuwana III
 - B. Susuhunan Pakubuwana IV
 - C. Susuhunan Hamengkubuwana III
 - D. Susuhunan Hamengkubuwana IV
9. Tibaning swara ing pungkasane gatra kang kaaran...
 - A. guru lumaksita
 - B. guru wilangan
 - C. guru lagu
 - D. guru gatra

*Poma-poma wekas ingsun,
Mring kang maca layang iki,
Lair batin den estokna,*

Saunine layang iki
Lan den bekti mring wong tuwa,
Ing lair prapta ing batin

10. Guru wilangan lan guru lagune tembang ing dhuwur yaiku...
 - A. 8a,8a,8u,8u,8u, 8i
 - B. 8u,8i,8a,8i,8a,8i
 - C. 9a,9a,9u,9i,9a,9i
 - D. 9u,9i,9a,9i,9a,9i
11. Isi kang kaandhut saka tembang ing dhuwur yaiku...
 - A. Aja nyepaki karo wong sing dakwen
 - B. Aja rumangsa paling pinter
 - C. Bektia marang wong tuamu lahir lan batin
 - D. Ngomonga sing apik- apik karo wong tuwa.
12. Tembung estokna ana ing tembang Kinanthi tegese...
 - A. ngerteni
 - B. mbingungi
 - C. ngindari
 - D. matuhi
13. Guru lagu tembang Kinanthi sing awujud wulu mapan ing garta...
 - A. 1,2, lan 3
 - B. 2,4, lan 6
 - C. 2,3,lan 4
 - D. 3,4,lan 5
14. Ing ngisor iki kang kalebu jenising legendha yaiku...
 - A. rekreatif
 - B. estetis
 - C. diduktif
 - D. moralitas
15. Cerita kang ana gegayutane karo kedadeyan alam utawa dumadine papan panggonan diarani...
 - A. dongeng
 - B. legendha
 - C. mite
 - D. sage
16. Ngringkes wacan kang becik kudu mangerteni paugeran yaiku ing antarane...

1. Maca naskah asli kanggo nggolek gagasan umume penulis.
2. Nyatet gagasan utama kang penting
3. Ora perlu ngrantam gagasan utama dadi paragraf
4. Ringkesan kudu owah saka lakune cerita.

Saka pratelan ing ndhuwur sing bener yaiku

- A. 1 lan 2
- B. 2 lan 3
- C. 3 lan 4
- D. 1 lan 4

17. Sing dadi tetenger cerita legendha ing antarane yaiku...

1. Kolektif kang dianggep duweke rakyat bareng-bareng.
2. Imajinatif kang nggambarake kedadayan-kedadayan kang mokal.
3. Pawongan kang nyirakake wong-wong tertamtu.
4. Rekreatif kang menehi rasa tentrem uga menehi hiburan.

Pranayatan kang bener yaiku

- A. 1 lan 4
- B. 1 lan 3
- C. 1, 2 lan 4
- D. 2, 3 lan 4

18. Ana ing cerita dumadose candhi Prambanan kang dadi paraga ing antarane...

1. Sugriwa, Subali
2. Roro Jonggrang
3. Bandhung Bandhawasa
4. Prabu Ramawijaya

Jawaban kang bener yaiku

- A. 1, 2 lan 3
- B. 2, 3 lan 4
- C. 2 lan 3
- D. 3 lan 4

19. Ing ngisor iki tuladhane tembung entar yaiku...

1. Abang kupinge
2. Bening atine
3. Mampang -mampang
4. Ulate bening leri

Wangsulan kang bener yaiku

- A. 1 lan 3
 - B. 1 lan 2
 - C. 1, 2 lan 3
 - D. 3 lan 4
20. Nalika arep jajan ana kantin sekolah perlu nggunakake unggah-ungguh sing apik, yaiku **kejaba...**
- A. Antri sing sopan aja dhisik-dhisikan
 - B. Ora kena gegojegan lan guyonan
 - C. Mbuwang bungkus jajan ing laci meja.
 - D. Mangan karo lungguh, lan maca donga